



# OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

## KISA YON ESTIPILASYON DEPATMAN KONSTRIKSYON (DEPARTMENT OF BUILDINGS, DOB) YE?

DOB ka ofri yon akize (moun yo di ki vyole yon lwa oswa règ Vil New York) yon « Estipilasyon ») avan yon odyans.

**Kisa yon « Estipilasyon » ye?** Yon estipilasyon se yon akò ant moun yo akize a ak yon ajans, tankou DOB, kote yo pwomèt pou fè yon seri bagay avan yo ale nan yon odyans.

### DOB PWOMÈT POU LI:

- Fè moun yo akize a peye sèlman mwaye nan frè li t ap gen pou peye a si yo ta twouve li an vyolasyon.

### MOUN YO AKIZE A PWOMÈT POU LI:

- Admèt vyolasyon an epi peye 50% amann nan.
- **Remak:** Menmsi akize a ap gen pou peye sèlman 50% sanksyon an, yo pral toujou konsidere li an vyolasyon. Sa vle di si yo twouve li “koupab” pou menm vyolasyon an yon dezyèm fwa, li pral gen pou peye yon sanksyon ki pi wo paske li komèt menm vyolasyon an ankò.
- “Korije” vyolasyon an, sètadi, rezoud pwoblèm nan.
- Depoze yon Sètifika Koreksyon ak DOB. Dokiman sa a montre moun yo akize a te “korije” vyolasyon an epi li te peye 50% amann nan.
- Moun yo akize a **dwe** depoze sètifika a nan 75 jou oswa mwens avan dat odyans ki sou sitasyon an.
- Pou li kapab valid, **fòk DOB apwouve** Sètifika Koreksyon an avan, epi sa ka pran plizyè semèn.
- **Konsèy:** Si ou se moun yo mete non li kòm akize a oswa ou se pwopriyete a, fason ki pi rapid pou yo apwouve Sètifika Koreksyon ou a (oswa pou konnen si yo pa apwouve li) se soumèt li fas-a-fas, nan Depatman Konstriksyon Vil New York - Inite Aplikasyon Lwa Administratif (**NYC Department of Buildings – Administrative Enforcement Unit**), ki chita nan **280 Broadway, 1ye etaj, New York, NY 10007, ant 8:30 a.m. ak 2:30 p.m.**

Si akize a dakò ak estipilasyon an, men li PA satisfè kondisyon a yo, y ap twouve li an vyolasyon epi l ap gen pou peye tout (100%) sanksyon an.

### KIJAN YO AKIZE AP FÈ KONNEN SI Y AP OFRI LI YON ESTIPILASYON?

- Moun yo akize a ka jwenn yon lèt pa lapòs (swa nan men DOB oswa OATH) ki di li y ap ofri li on estipilasyon.
- Y ap di moun yo akize a gen yon estipilasyon disponib premye fwa li prezante nan OATH pou odyans la.
- Moun yo akize a (oswa reprezantan li) ka mande yon reprezantan Sant Èd OATH la si y ap ofri li yon estipilasyon.

### KILÈ YON MOUN YO AKIZE KA AKSPETE YON ESTIPILASYON?

- Moun nan oblije aksepte estipilasyon an avan dat premye odyans la. Men, kote moun yo akize prezante nan OATH nan dat premye odyans la, yo ka aksepte estipilasyon an tousuit avan odyans la kòmmanse a.
- Yon moun yo akize PA KA aksepte yon estipilasyon apre yon odyans deja kòmmanse. **Remak:** Si ou aksepte yon estipilasyon, lè pou konfòme a kòmmanse apati dat odyans sou sitasyon ou a.

**POU JWENN ENSTRIKSYON SOU FASON POU W JWENN YON SÈTIFIKA KOREKSYON, OSWA KIJAN POU W DEPOZE LI, TANPRI PALE AK YON REPREZANTGAN SANT ÈD OATH LA.**